ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM
23 апрель 2026 год № 8 (600)



ОРДЕН «ЗА ЗАСПУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ




# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

## ШАЙХ МИТАЕВ ІЕЛА

**ДУККХА А ДИКА КІЕНТИЙ СХЬАБЕВЛЛА ВАЙН ХАЛКЪАХ. МЕЛ ДУКХА ХАН ДІАЙАЛАРХ, ХАЛКЪО ШАЙН ДАГАХЬ ЛАТТОР БУ УЬШ. ЦАРАХ ЦХЬАЪ ВУ ЭВТАРАРЧУ ІАВДИН КІАНТ ШАЙХ МИТАЕВ ІЕЛА**

Шайх Митаев Іела дуьнен чу ваьлла 1894-чу шарахь Эвтарахь. Цуьнан да Бамат-Гири-Хьаьжа хилла. Іавдин Іела олуш хилла цунах халкъалахь. Жима волуш дуьйна, шен дех ирс оьцуш, бусалба динехь дерг дика девзина хилла цунна. Церан хІусамехь дукха лаьттина бевзаш болу эвлайааш, шайхаш, Іеламнах. Церан массеран а шен деца Іавдица хиллачу къамелашкахь девзинера цунна дукха хІума.

Чолхе йара и зама. Іедал хийцалуш дара. Паччахьан Іедал доьхна, цуьнан метта советийн Іедал хІуттуш дара. АллахІ-Дела къобал ца веш долу Іедал дара и. Іелина чІогІа новкъа дара и иштта хилар. И тІе ца лаца гІерташ, нах цунах кхето гІерташ, дукха къахьийгира цо. Амма гІуллакх ца хилира. Дукха адамаш хІаллакдеш, дІахІоьттира Дела вац боху и Іедал.

Массо а метте кхача гІерташ, массо а дикачу гІуллакхна аравелира Іела. ТІом ца хилийта гІерташ, 9 баттахь шеца шен 600 сов мурд волуш, ларйира цуо Теркайист. Цоци-Эвлахь, иштта кхечу йарташкахь а хиллачу тІемашкахь дакъалецира. Нохчий ларбар йара цуьнан Іалашо.

Коьрта долчу декъана маслаІатхо вара Митаев Іела. Де-дийне даларца халкъалахь сий-лерам хьалаболуш бара цуьнан. Дукха генарчу йарташкара цунна тІеоьхура нах, маслаІат дан вагІахьара бохуш. Иштта шен накъосташца цхьаьна цкъа араваьлла вахча, Нохчмахкахойн йарташкахь І2 вер-ваккхарна маслаІат дира цо. Иштта маслаІаташ дайта Іеле кхойкхуш, цунна тІеоьхура дукха нах: ГІалгІайн махкара, аьккхийн йарташ кара, Теркайистерчу йарташкара. Массо меттехь, веза хьаша санна, тІеоьцура Іела шен накъосташца, ткъа дІабоьлхуш, баркаллаш бохуш, новкъа бохура.

Шен халкъ дукхадезара Іелина. Иза оьзда, гІиллакхе, цІена хила лаьара. Дуккха а йарташкахь маьждигаш дайтира цо. Дикачу нахана, таро йоцчу, гІийлачу нахана ахчанца гІо дора. И таро шен хилийта лелош бахам бара цуьнан.

Къурайшийн цІийнах болчу нахана, Іелам нахана гІо дора. Гергарлонаш леладора берриге а эвлайаашца, церан тІаьхьенашца: Арсанов Денишайхан, Докка-шайхан, Канашайхан доьзалшца. Хошкалдара шайх Юсуп-Хьаьжа, Дагестанера Іабдул-ВахІабХьаьжа даима цхьаьна хуьлуш вара Іелица берриге а хиламашкахь.



Іелина масал хилла лаьтташ дара Сесанарчу эвлайаан Ташу-Хьаьжин дахар. Иштта Иласхан-Йуьртарчу Кишин Хьаьжин дахар а. Иза сихсиха цига зерате воьдура шен мурдашца. ХьагІ-гамо цхьана а эвлайааца мегар йац, олура Іелас.

Шена Дала дина дика хьаьра Іелина. Галваьлларг йемал ца вора цуо. Собарх воьхнарг дІа ца тоттура. Цхьанна а инкарло ца йора. Нахал ша лакхара ца хетара цунна. Нехан хІумане са ца туьйсура цо. Делан дуьхьа, бусалба динан дуьхьа, халкъ оздангаллехь кхио, вуочу хІуманех лардан араваьлла вара иза. Шен дас Іавдас ша дуьнен чохь волуш, эвлайаан зІенехь ву аьлла, билгалвина вара Іела.

МогІарера стаг вацара Іела. Хиндерг хаар Дала шена делла эвлайаъ вара. ТІедогІуш долчу советийн Іедало лелон дерг хаьара цунна. Цо мадарра дийцира иза массаьрга а, оцу Іедалан уггаре а лакхарчу хьаькамашка а. И духур дуй а хаьара цунна, кхоьссина топ йоцуш, бехкевеш да воцуш. Цундела І924-чу шеран оханан беттан І8-чу дийнахь оцу Іедало лецира Іавдин Іела. Кхин йуха ца веана иза. Цуьнан доьзал хилла. Воккхахволу кІант Хьамзат, цуьнан 24 шо долуш, Іедало дІалаьцна, вайна. Кхин цхьа кІант хилла цуьнан Хьусайн цІе йолуш, ши йоІ - Іайшат а, Кхокха а хилла.

Нохчийн а, гІалгІайн а мехкашкахь эзарнаш мурдаш бу шайхан Митаев Іелин а, цуьнан ден Іавдин а.

Дела хьехор совдаккха хІора парз-ламазана тІаьхьа вирдаш тІедехкина цо мурдашна.

*М. Заурбеков*

## ОХАНАН БЕТТАН 25 ДЕ – НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕ!

**НЕНАН МЕТТАН МАЬ1НАХ ЛАЬЦНА ИШТТА АЬЛЛА АБДУРАХМАНОВ ДУКХАВАХАС: «НОХЧАШНА ШАЙН ИСТОРИН ЙОХАЛЛЕХЬ ДУККХА А ХАЛА КИРТИГАШ Т1ЕЙАЬХКИНА. ЦАРАХ УГГАР ИРЧАЧЕХ ЦХЬАЪ ЙАРА – ДЕРРИГЕ ХАЛКЪ МАХКАХ ДАККХАР. ОЦУ КЪИЗАЧУ 13 ШАРАХЬ НОХЧИЙН ХАЛКЪ ХАЛОНАШКА, БАЛАНАШКА, ЛАЗАМАШКА Х1АЛЛАК ЦА ДАЙТИНАРГ НЕНАН МОТТ БАРА. ВОВШАШКА ДОЛУ КЕХАТ НОХЧИЙН МАТТАХЬ БЕН ЙАЗДЕШ ДАЦАРА, ЦУЬНЦА ЦХЬАЬНА ЛАРДЕШ ДАРА ВАЙН ДАЙША ЛЕЛИЙНА 1АДАТАШ, Г1ИЛЛАКХАШ».**



Вайна ма-хаъара, Нохчийн Республикин Мехк-Дас Кадыров Рамзан-Хьаьжас 2007-чу шарахь шен Указаца дІакхайкхина оханан беттан 25-гІа де – нохчийн меттан де ду аьлла.

Вайн мотт – вайн истори йу, мотт дІабаьлча халкъ а дІадолу. Цундела вайн декхар ду тІекхуьуш болчу кегийрхошна ненан мотт хьехар, цуьнга болу безам лакхара хилийтар, шен ненан мотт ца хаар иза эхь дуй хаийтар.

Шен Даймохк а безар бац, ненат мотт ца безахь. Ненан матто лардеш ду нохчийн гІиллакхаш а, Іадаташ а. Вайн шатайпаналлин а, культурин а дІакъасто йиш йоцу дакъа ду нохчийн мотт.

Нохчийн мотт – къоман, цуьнан культурин, историн бух бу. Вайн мотт Іалашбарна боккха тидам тІебохуьйтура Нохчийн Республикин хьалхарчу Президента, Россин Турпалхочо Кадыров Ахьмад-Хьаьжас. Махкахь чолхе зама йолчу хенахь цо Нохчийн Республикин Конституцехь билгал даьккхина вайн республикехь нохчийн мотт пачхьалкхан мотт хилар. Вайн махкахь нохчийн маттахь журналаш, газеташ арадийлийта, теле-радиопередачаш хилийта дукха къахьийгира цо.

Кадыров Ахьмад-Хьаьжин некъ дІахьош волчу Нохчийн Республикин Мехк-Дас Кадыров Рамзана а мотт кхиийтарна мел оьшу хьал кхоьллина Нохчийчохь, цо тІедожорца кхоьллина йу нохчийн мотт Іалашбаран а, кхиоран а экспертийн кхеташо.

Шен мотт ца хууш долу къам кхане йоцуш ду. Вайх хІораннан а декхар ду нохчийн мотт ларбар, кхиор, тІекхуьучу чкъурана иза Іалашбар.

**Бехийла хьо даима а, Нохчийн мотт!**

*Халидова Макка*

## ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ

### 2-гІа агІо

**В ГОРОДЕ ГРОЗНОМ СОСТОЯЛАСЬ XXII ЦЕРЕМОНИЯ ВРУЧЕНИЯ НАГРАД ПРЕМИИ «СЕРЕБРЯНАЯ СОВА», ИНИЦИИРОВАННАЯ И ПРОВЕДЕННАЯ ИНТЕЛЛЕКТУАЛЬНЫМ ЦЕНТРОМ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**

«Торжественная церемония посвященная 75-летию со дня рождения Ахмата-Хаджи Кадырова, первого Президента Чеченской Республики и Героя России состоялось в актовом зале Грозненского государственного нефтяного технического университета, носящего имя академика М.Д. Миллионщикова. В церемонии приняли участие представители научных кругов, образования, культуры, здравоохранения, сферы журналистики, а также представители общественных и государственных организаций.

Также среди награжденных были Хож-Ахмед Кадыров, Председатель Совета алимов СКФО и главный консультант газеты «Исламан з1аьнарш» (Зори Ислама), а также Мас-худ Заурбеков, занимающий должность исполнительного директора газеты «Исламан з1аьнарш» (Зори Ислама), они получили премию в номинации «Духовные корни» за свой значительный вклад в сохранение духовных традиций чеченского народа...»

### 3-гІа агІо

**ІАВДИ ІЕЛИН ВИРД**

**«ХЬАЛХАРА ВАЖИБ ВИРД**

ХІора ламазана тІаьхьа пхоьазза «астагІфируллахІ» эр ду, 100-зза «Ла илахІа иллаллаахІу» эр ду, пхоьазза Пайхамарна салават дуьллур ду.

**МЕЛ ИШТТА КХАЙКОР БУ:**

«АІузу биллахІи минашшайтІанирражийм. БисмиллаахІирРахьм аанир Рахьиими. Айса хІинцца ла илахІа иллаллахІу бохуш динчу цхьана бІе (100) зикран мел хьалха хьан Элчанна Мухьаммад-Пайхамарна (Делера салам -маршалла хуьлда цунна) бели ас, цунах хоттавелла веанчу сайн Устазана бели ас, Делан Элчанна тІера дуьйна схьа сайн устазана тІекхаччалц баьхкинчу эвлайаашна бели ас.

Веза-Вокка Дела, соьгара совгІат дай, эшна мел меттахІоттабай, меттахІоьттинарг къобалбай, диканехьмулкехь совбаккхий, и мел цаьрга дІакхачабе Ахь. Хьайгара къинхетам, Элчанера шапаІат, устазера беркат, шовкъ-марзо, хьал-пайда-асар соьга а, соьгахула со хьаштдолчаьрга а кхачаде Ахь.

АллаахІумма солли Іала Мухьаммадин ва Іала али Мухьаммадин ва саллим. Бихьурмати сирри суратил-Фатихьа (аьлла, Фатихьат доьшур ду)».

Массо а вирда тІаьхьа догІуш ду, йух-йуха йаздина цахиларх. Муьлххачу а вирда тІехь, мел кхайкхош, бисмилла ала деза.

**ШОЛГІА ВАЖИБ ВИРД**

ХІора Іуйьра ламазана тІаьхьа 100 салават дуьллур ду (дуьненчу малх кхетале). Кхин вирд даькккхича, малх кхетар белахь, хІара хьалха даккха, кхуьнан мел кхайкор бац. 100 къулхІа доьшуш а, къул аІузу доьшуш а бисмилла эр ду)...»

### 4-гІа агІо

**ДЕЛАН ЭЛЧАНО ДИЙЦИНА**

**(ДЕЛЕРА САЛАМ-МАРШАЛЛА ХУЬЛДА ЦУННА)**

«1. Дуьне деа хІуманца лаьтташ ду шуна: Іеламнехан Іилманций, паччахьан куьйгаллиций, мискачу нехан дехарций, комаьршачу нехан сагІанций. Латтаран бахьана хІун ду аьлча, диканиг де, вон дерг ма де алар ду.

2. Іеламнахаца ийгІича, дин хир дац шуьгахь.

3. Іедалца ийгІийча, дуьне хир дац шуьгахь.

4. Нахаца ийгІича, безам хир бац шуьгахь.

5. Шайн нахаца ийгІича, сий хир дац шун.

6. Лулахочуьнца ийгІича, пайданан неІарш дІакъовлалур йу шуна.

7. Доьзалца ийгІича, беркат хир дац шуна.

8. Делах кхоьруш воцу Іеламстаг шена тІехь стом боцчу диттах тера ву.

9. Халкъана тІехь нийсо йан хІоттийна воллушехь, и нийсо ца йеш волу стаг – шеца дарба доцчу молханах тера ву.

10. Дала шена белла болчу балина собар ца деш волу миска стаг, шена чохь даьтта доцчу стогарх тера ву...»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

## НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАДА-ХЬАЬЖА ДУЬЙЦУ

### НАСВАЙ ТАСАР ХЬАРАМ ДУЙ?

Къуръана чохь тонка хьарам дина айат дац бохуш, оцу тIе а гIертан, шайна некъаш а хIиттош, и хьаналдаре хьийзош ду цхьаболчу наха. Цхьана а стага вахош долу малар хьанал ду аьлла, молуш дац. И молчо, хьарам дуй хуъушехь, ца Iалуш, молуш ду иза. Ткъа тонка, багатосуш долу йа узуш долу тонка хуьлийла и, хIара хьарам дацара бохуш, леладо. Хьалхалерчу вайн Iеламнаха олура, оцу маларал а сов къа хила герга ма-ду и тонка хьанал ду, хьарам дац бохучу нахана. Хьан дегIана а, хьан доьхнна а зен деш долу хIума дерриг а хьарам ма-лерина Дала. Тонка хIун йу хьуна аьлча, цуьнан хьокъехь Вайн Элчано аьлла, «Дала шайтIане, Ша шех даькхи хьо аьлла, и дIакъахкийначу заманчохь, Делан ницкъ бевзаш долу и кхераделла, хьатI делира цуьнга. ХьатI муха долу, и йууш йа молуш ца хилча, аьлла жайно. ХьатI долучу некъахула букъан тIум арайелира. И лаьттах йоьжначу меттехь тонка делира». Элчано боху: «Нийсо йийр йац цхьаьна дагчохь шайтIанан хьатIо а, иймано а». Цушиннах цхьаъ дIадала дезар ду. Йа иймaн, йа шайтIанан хьатI дIадер цу дагчуьра. ТIаккха, иймaн дIадолуьйтучул а тонка Iаддадита мегар дац? Оцу тонкана йеш ма йу и багатосуш йолу насвай а. Йуха а аьлла Элчано: «Аш ма бехдойла Къуръан лела некъаш оцу шайтIанах схьайаьллачу тонкан хьожанца». Уьш хIун некъаш ду? Вайн бага йу-кх и. Ткъа вайн эвлайааша а аьлла ма-ду: «Эвлайаийн шапаIат йухатоьхна ду тонка узуш волчунна, церан орца а хир дац цунна». Дала лардойла вай цунах.

### ШАЙН ВЕЛЛАЧУН КОША ТIЕ ВОЬДУШ, ЙА УЬШ ТОДАН ВОЬДУШ, БОЬРШАЧУ СТАГА А, ЗУДЧО А ЛАРДАН ДЕЗАРГ А, ЦАРА ТIЕ ТИДАМ БАХИЙТА ДЕЗАРГ А ХIУН ДУ?

Коша тIе вахар зийарт ду аьлла вайн Элчано. Цига ваханчо хIун дан деза а билгалдина цо. Дийна волуш, ша цунна гергахуьлучу барамехь хилла лерам, велла волуш а хила беза цуьнца. Дийна волуш, шен цуьнца хиллачу лерамел соввийла а ца веза и, цунна хьурмат дан гIертарехь. И муха ду? Кошан барзана тIеветтавалар а, чуьртах хьерчаш велхар а. Уьш лело оьшуш дац. Кешнашка воьдуш, ламаз а эцна, хьурмате а волуш, оцу веллачунна, хьуна и ца гахь а, хьо цунна гой а хууш, хьайн къамел цунна хезаш хиларх тешна а волуш, иштта цуьнца лераме хила веза. Цига дIаккхаьчча, кошан барзана гергахь саца а сецна, деша хаахь, Къуръан а дешна, ца хаахь, салават диллина йа къулхIа дешна, йа зуькар дина, шен ойла тойина, шен веллачунна гечдар доьхуш, доIа дер цо. Къаьсттана, лардан дезарг шен дегIа тIехь тамбоцу духар ду. Веллачунна тIевахарца хIун лаха дезаш ду аьлча, валар дагадаийтар ду. Ша валар дагадоуьйтуш волчу стага шен некъана терза хIоттор ду, хIара дика дерг ду-те соьца йа хIара вуон дерг ду-те соьца, аьлла. Вуониг дIадаккха деза. И велларг санна, ша а лийр ма-ву аьлла, и валар цунна дагадаийта, вайна суннат дина кешнашка дахар. Къаьсттана зударийн духарх аьлча, шен бусалба динехь долчу духарца, хила ма-йеззара, оцу кешнашка йоьдучу заманчохь Iатар доцуш, шен Iоврат дIа а хьулдина, зудчо шен веллачун коша тIехь Къуръан деша а, доIа дан а мегар ду. Барзан тIера буц дIайаха мегар дац. Оцу бецо таспихь до, оцу веллачунна пайдехь ду и. Кир тоха а, цу тIе поппар хьаха а бакъо йолуш дац шариIатехь. Оцу веллачун доIа дар ду вайна тIехь, Делан къинхетаме са а туьйсуш. Везачу Дала хьакъдолу хьурмат дар лойла вайна вайн гергарчеран дийна болуш а, беллачул тIаьхьа а.

### КЕХАТЕХ (КАРТАШ) ЛОВЗАР БУСАЛБА ДИНЕХЬ МЕГАШ ЙА ЦА МЕГАШ САЦАМ БИНА ДУЙ?



Кехатех ловзаран хьокъехь Дала Къуръана чохь айат далийна, иза бехкам бина ду вайна. Бусалба нахана шовкъе ловзарш Дела хьехаварехь, ламаз дарехь, Къуръан дешарехь гIопалла веш долу хIуманаш, Далла гергахь Iамал оьшуш хьо волу дела, дуьненахь пайдехь хьуна доцу дела, уьш бехкамаш бина вайна Дала Къуръана чохь айатца. Цундела цуьнга а хьаьжна, кехатех ловзар магийна дац, къаьсттана, йуккъе даьхни а дуьллуш, цунах даьккхина долу даьхни хьарам хир долуш, цо къахьоьгуш даьккхина долу даьхни бехлур долуш, беркат оцу балхехь эшор долуш ду. Цундела, и беркат эшадарх вай лардаларан дуьхьа вайна бехкам бина. Кехатех ловзар хилла ца Iаш, хьо Дела хьехаварх дIахьийзош долу хIума муьлхха а. ХIинца къаьсттана, кераста нахера схьадаьлла долу хIума чIогIа тIелоцуш ду вайн бераш. ГIалийн урамашкахула хьо волавелча, цхьацца IиндагIашкахь хевшина нардех ловзуш карабо, иштта баккхийнаш а карабо, уьш Дела оьгIазвахана долу ловзарш ду, Дала ца магийна ловзарш ду уьш. Цундела Дела хьехаварехь хьо гIопал веш долу хIуманаш хьарам ду.

### ЗУДЧО БОЬРШАЧУ СТЕГАН КОРТА БАША МЕГАР ДУЙ?

Вайн къоман гIиллакх ду зудчо боьршачу стеган корта ца бошуш. Божарийн корта боьршачу стага бошу. Цуьнан бух жайнин могIанашкахь бу: зудчо корта баьшначу стеган къонахалла дIайер йу. Амма, цхьабакъду, цаторийла йелахь, мегар ду. И хIун ду аьлча, цомгаш стаг кхобуш зуда йелахь, цунна оышшучу хьаште хьожуш йолчу цо корта баша а мегар ду. Зудчо баьшна корта коша бахьа мегар дац бохург а харц ду, цунах хила мискъалазарратал новкъарло йац.

### ЗУДЧО ЙАСТАГА ШАЙНА ТIЕРА СОВНАХ ДОЛУ ДИЛХА ДIАДАККХА, КУЦ ТОДАН ХIУМА ЦАЙААР КЪИЛАХЬ ДУЙ?

Дела вовзарехь лакхабийлина нах, кхачанах кIезиг кхеташ хилла. Iаьржачу чохь, дууш йа молуш доцуш, халбатахь Iаш хилла эвлайааш. Кхача а, наб а йухатеттина, шена дезарг ца лоху дегI Далла дезна ду. Цундела, йуучух йухавалар къилахь дац, амма куц хаздан



гIерта а ца олуш, ламазна хьала-охьа таIа атта хилийта, Делан дуьхьа аьлла, нийат дина хилча, дика хир дара. Дела резаволчу агIор бан мегаш бу дегIана ницкъ, амма Дела резавоцу ницкъ дегIана бахь, жоп доьхур ду, хьайн дегIана хьакъ дIа хIунда ца делла аьлла.

### ЙУУШ ЙОЛЧУ ХIУМАНЦА А, МОЛУШ ЙОЛЧУ ХIУМАНЦА А БУСАЛБА ДИНЕХЬ ЛАРДАН ДЕЗАШ ДЕРГ ХЬАХАДАХЬАРА.

«БисмиллахIиррахьманиррахьими» аьлла доцуш дIадолийнчу массо а хIуманехь беркат хедар ду аьлла долчу Къуръанан айатана а, хьадисана а тIе а доьгIна, «БисмиллахI» аларца доло дезаш ду кхача баар а, хи малар а, кхидолу хIума а. Кхача бууш ша велахь, куьйгаш дила деза. Уьнах цIена а ду иза, оьзда а ду иза, суннатехь а ду иза. Нагахь санна кхача бууш берш цхьаьна шуьна чу кхевдаш белахь, кхечунна хьалха а ца кхийдаш, шена хьалха йерг йаа йеза. Йууш йолу хIума аьтту куьйгаца йаа йеза. Ша хIума йиина ваьллачул тIаьхьа, «альхьамдулиллахI» аьлла, доIа дан деза. Ирахь а ца молуш, охьа а лахвелла хи малар оьздангаллех ду.

### ЧЕВНА ТIЕ СПИРТ ХЬАКХА МЕГАР ДУЙ? И СПИРТ ХЬАЬКХНА А ДОЛУШ, ЛАМАЗ ДАН МАГОШ ДУЙ?

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Вахош йолу массо а хIума хьарам йу». Спирт вахочех ду, цундела нажжаз ду. Нажжаз долчу хIуманах дарба хир дац аьлла вайн Элчано. Нагахь санна оьшу аьлла и спирт хьаькхна а долуш, ламаз динехь, цуьнан хьукма нажжаз тIехь долуш динчу ламазан санна ду. Нажжаз тIехь дуй а ца хууш, ламаз динехь, и шена хиъначул тIаьхьа, мичара дуьйна схьа ду-те хIара нажжаз суна тIехь аьлла, ойла а йина, оцу хенахь мел дина ламаз доькхуш йухадан деза. Нагахь санна и ламаз декхахь, Дала гечдина, хьалхавуьтур ву, Дала мукъ лахь.

*Кадыров Хожа-Ахьмад-Хьаьжа*

## В ГОРОДЕ ГРОЗНОМ СОСТОЯЛАСЬ XXII ЦЕРЕМОНИЯ ВРУЧЕНИЯ НАГРАД ПРЕМИИ «СЕРЕБРЯНАЯ СОВА», ИНИЦИИРОВАННАЯ И ПРОВЕДЕННАЯ ИНТЕЛЛЕКТУАЛЬНЫМ ЦЕНТРОМ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ





Торжественная церемония посвященная 75-летию со дня рождения Ахмата-Хаджи Кадырова, первого Президента Чеченской Республики и Героя России состоялось в актовом зале Грозненского государственного нефтяного технического университета, носящего имя академика М.Д. Миллионщикова. В церемонии приняли участие представители научных кругов, образования, культуры, здравоохранения, сферы журналистики, а также представители общественных и государственных организаций.

Также среди награжденных были Хож-Ахмед Кадыров, Председатель Совета алимов СКФО и главный консультант газеты «Исламан з1аьнарш» (Зори Ислама), а также Масхуд Заурбеков, занимающий должность исполнительного директора газеты «Исламан з1аьнарш» (Зори Ислама), они получили премию в номинации «Духовные корни» за свой значительный вклад в сохранение духовных традиций чеченского народа.

Интеллектуальный центр Чеченской Республики был учрежден 12 мая 2003 года. Инициатива создания этого центра, направленная на укрепление и развитие научного и творческого потенциала народов Чеченской Республики, а также чеченцев, проживающих за ее пределами, была выдвинута первым Президентом Чеченской Республики и Героя России Ахматом-Хаджи Кадыровым.

*Макка Халидова*

## САН НЕНАН МОТТ

Зезагийн лесторехь, техкарехь диттийн,
Къайленаш соь йуьйцуш ловзарехь хIорд,
ЛадоьгIча шабаршца бешарчу ниттийн,
Соь ницкъ лург хиллера – сан ненан мотт.
Иллига бирзича Iенадеш бIаьрхиш,
Делхадеш, ловзадеш кийрара дог,
Кхолабеш, йуха а къагабеш бIаьргаш,
Серло лург хиллера – сан ненан мотт.

*Рашидов Шаид*

## ДАИМА БЕКАЛАХЬ, САН НЕНАН МОТТ!

Хьо бара, сан нанас Iамийна мотт!
БIаьстенан эшаро йаьккхича тIома,
Жималло ца йойтуш дахаран чот,
Хьекъалан тIулг санна, сан деган Iомахь.

*Халикова Мадина*

## НЕНАН МОТТ – НЕНАН СИЙ

Сий ойъуш ца бийцахь вай ненан мотт,
Хан зама йаларца хир ду вай готт.
Мотт байча, шеко йац, дIадер ду къам,
Цундела вайн маттан бан беза хам!

# IАВДИ IЕЛИН ВИРД

**ХЬАЛХАРА ВАЖИБ ВИРД**

ХIора ламазана тIаьхьа пхоьазза «астагIфируллахI» эр ду, 100-зза «Ла илахIа иллаллаахIу» эр ду, пхоьазза Пайхамарна салават дуьллур ду.

**МЕЛ ИШТТА КХАЙКОР БУ:**

«АIузу биллахIи минашшайтIанирражийм. БисмиллаахIирРахьм аанир Рахьиими. Айса хIинцца ла илахIа иллаллахIу бохуш динчу цхьана бIе (100) зикран мел хьалха хьан Элчанна Мухьаммад-Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) бели ас, цунах хоттавелла веанчу сайн Устазана бели ас, Делан Элчанна тIера дуьйна схьа сайн устазана тIекхаччалц баьхкинчу эвлайаашна бели ас.

Веза-Вокка Дела, соьгара совгIат дай, эшна мел меттахIоттабай, меттахIоьттинарг къобалбай, диканехь-мулкехь совбаккхий, и мел цаьрга дIакхачабе Ахь. Хьайгара къинхетам, Элчанера шапаIат, устазера беркат, шовкъ-марзо, хьал-пайда-асар соьга а, соьгахула со хьаштдолчаьрга а кхачаде Ахь.

АллаахIумма солли Iала Мухьаммадин ва Iала али Мухьаммадин ва саллим. Бихьурмати сирри суратил-Фатихьа (аьлла, Фатихьат доьшур ду)».

Массо а вирда тIаьхьа догIуш ду, йух-йуха йаздина цахиларх. Муьлххачу а вирда тIехь, мел кхайкхош, бисмилла ала деза.

**ШОЛГIА ВАЖИБ ВИРД**

ХIора Iуйьра ламазана тIаьхьа 100 салават дуьллур ду (дуьненчу малх кхетале). Кхин вирд даьккхича, малх кхетар белахь, хIара хьалха даккха, кхуьнан мел кхайкор бац. 100 къулхIа доьшуш а, къул аIузу доьшуш а бисмилла эр ду).

**МЕЛ ИШТТА КХАЙКХОР БУ:**

«Айса бIозза дешначу къулхIанийн мел, Делан Элчанна Мухьаммад-Пайхамарна бели ас (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), сайн устазана бели ас. Мухаммад-Пайхамарна тIера дуьйна схьа сайн устазана тIекхаччалц баьхкинчу эвлайаашна бели ас, Элчанан асхьабашна Абубакар-Сиддикъана, Iелина, Iумарна, Iусманна бели ас – разийаллахI IанхIум, Дела реза хуьлда царна.

Веза-Воккха Дела, соьгара совгIат дай... (хьалхарчу вирдехь санна чекхвер ву).

Важиб долу вирд чекхдели. ХIинца бархI вирд ду, суннат долуш.

**1-РА СУННАТ ВИРД**

Дийнахь-бусий хIора ламазана тIаьхьа цхьацца бIе, йа цхьаьна пхи бIе ла илаахIа иллаллаахIу боху зикар дир ду. ХIора бIенна хьалха кхузза астагIфируллахI эр ду, тIаьхьа кхузза АллаахIумма солли Iалаа Мухьаммадин ва Iалаа аали Мухаммадин-ва-саллим эр ду. (Пхи бIе цхьаьна доккхуш велахь – 15 астагIфируллахI, 15 салават).

**МЕЛ ШТТА КХАЙКХОР БУ:**

«Айса хIинцца ла илахIа иллаллахIу бохуш дешначу 100 (йа 500) зикран мел Адам-Пайхамарна бели ас (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), Мухьаммад-Пайхамарна бели ас (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), сайн устазана бели ас. Адам-Пайхамарна тIера дуьйна Мухьаммад-Пайхамарна тIекхаччалц Дала шайна Элчаналла делла бахкийтинчу пайхамаршна бели ас, Мухьаммад-Пайхамарна тIера дуьйна сайн устазана тIекхаччалц Дала бахкийтинчу эвлайаашна бели ас.

Веза-Воккха Дела соьгара совгIат дай и мел... (хьалхарчу вирдехь санна чекхвер ву).

**2-ГIА СУННАТ ВИРД**

Дийнахь-бусий хIора ламазана тIаьхьа цхьацца бIе ла илаахIа иллалаахIу бохуш долу зикар дийр ду, хьалха кхузза астагIфируллахI эр ду, тIаьхьа кхузза Пайхамарна салават дуьллур ду. Йа цхьаьна гулдина 500 ла илаахIа иллаллаахIу боху зикар дийр ду.

**МЕЛ ИШТТА КХАЙКХОР БУ:**

«Айса хIинцца ла илахIа иллаллахIу бохуш дешначу 100 (йа 500) зикран мел, Везан Дела, Хьан Элчанна Мухьаммад-Пайхамарна бели ас (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цунах хIоттавелла веанчу сайн устазана бели ас, сайн дений-нанний (церан цIераш а йохуш) бели ас. Веза-Воккха Дела, соьгара цIена совгIат дай и мел... (хьалхарчу вирдехь санна чекхвер ву).

Устаза Iавдин Iелас, шен дас Iовдас а, цуьнан устаза Кишин Хьаьжас а санна, муьридийн дехненах къинхетам бан лиьна вирд тIедиллина хиларна, муридаша устазан дена-нанна а (Iовдина, Жансуна) доккху хIокху вирда тIаьххье иштта вирд.

**3-ГIА СУННАТ ВИРД**

Дийнахь-бусий 100 «иза жаьа» доьшур ду, хьалха ворхIазза астагIфируллахI а олуш, (Моссазза доьшу бисмилла а олуш, дешна ваьлча, АллахIу Акбар а олуш).

Массарна а тIаьхьа ворхIазза Пайхамарна салават дуьллур ду.

**МЕЛ ИШТТА КХАЙКХОР БУ:**

Айса хIинцца дешначу бIе «иза жаъан» мел, Везан Дела, Хьан Элчанна Мухьаммад-Пайхамарна бели ас, Делера салам-маршалла хуьлда цунна, цунах хIоттавелла веанчу сайн устазана бели ас, цаьршинна йуккъе баьхкинчу эвлайаашна бели ас. Веза-Воккха Дела, соьгара совгIат дай и мел цаьрга дIакхачабе Ахь...

**4-ГIА СУННАТ ВИРД**

АллахIу Акбар бохуш вирд ду. Дийнахь-бусий хIора ламазана тIаьхьа цхьацца бIе, йа дерриге а цхьаьна 500. Хьалха кхузза шахIадат далор ду, тIаккха Аамანту биллахIи ва малааикатихIи ва кутубихIи ва русулихIи валйавмил ахири ва билкъадари хайрихIи ва шаррихIи миналлахIи



таIала боху дешнаш аьлла, эр ду: ас тоба ди, Далий, Пайхамарий хьарам дина хIума дарна дохковели со; Далий, Пайхамарий фарз дина хIума дан тIеийци ас, сайн ницкъ ма-кхоччу.

Делан Вели... (цIе а йоккхуш) сайн устаз леци ас. ТIаккха ворхIазза астагIфируллахI эр ду. ТIаккха АллахIу Акбар аьлла долор ду, бIе кхочуш моссазза хуьлу эр ду: «АллахIу Акбар, ла илааха иллаллаахIу валлаахIу Акбар». Дерриге а чекхдаьлча эр ду: «АллахIу Акбар кабииран валхьамду лиллаахIи хьамдан кесииран васубхьааналлаахIи букратан ва асиилан ла илааха иллаллахIу валлаахIу акбар». ТIаккха ворхIазза эр ду: «СубхьаналлаахIи валхьамду лиллаахIи ва лааилаахIа иллаллахIу валлахIу Акбар. Ва лаа хьавла ва лаа къуввата иллаа биллаахIил Iалийил Iазим». ТIаккха ворхIазза Пайхамарна салават дуьллур ду. Цуьнан мел кхайкор бу, бисмилла а аьлла.

«Айса бIозза (йа пхи бIозза) АллахIу Акбар аьлла динчу зикран мел, цуьнца динчу тасбихь-зикран мел хьалха Дала вазвина ваийтинчу Мухьаммад-Пайхамарна бели ас, Делера салам-маршалла хуьлда цунна, цунах хIоттавелла веанчу сайн устазана бели ас, ИбрахIим-Пайхамарна бели ас, ИбрахIим-Пайхамарна тIера дуьйна схьа Мухьаммад-Пайхамарна тIекхаччалц Дала Элчаналла шайна делла бахкийтинчу пайхамаршна бели ас, Мухьаммад-Пайхамарна тIера дуьйна сайн устазана тIекхаччалц элчанийн кога-метта хIиттина бахкинчу эвлайаашна бели ас. Веза-Воккха Дела, соьгара цIена совгIат дай, цуьнан мел цаьрга дIакхача бе Ахь...

**5-ГIА СУННАТ ВИРД**

АллахIу Акбар боху вирд ду. Дийнахь-бусий хIора ламазана тIаьхьа цхьацца бIе, йа дерриге пхи бIе цхьаьна гулдина дийр ду. Цунна хьалха ворхIазза астагIфируллахI эр ду. ХIора бIе чекх моссазза дели АллахIу Акбар, ла илаахIа иллаллаахIу валлаахIу Акбар. Дерриге а чекхдаьлча эр ду АллахIу Акбар кабиран валхьамду лиллаахIи хьамдан касииран ва субхьааналлаахIи букратан ва асиилаа. Ла аилаахIа иллаллахIу валлаахIу Акбар. ТIаккха ворхIазза субхьааналлаахIи валхьамду лиллахIи ва лаа илаахIа иллаллаахIу валлаахIу акбар ва лаа хьавла ва лаа къуввата иллаа биллаахIил-Iалиийил-Iазим. ВорхIазза Пайхамарна салават дуьллур ду.

**МЕЛ ИШТТА КХАЙКХОР БУ:**

БисмиллаахIир-рахьмааниррахьым. Айса хIинцца Аллаху Акбар бохуш динчу пхеа бIе зикран мел, цуьнца динчу таспихь-зикран мел хьалха Дала вазвина ваийтинчу Мухьаммад-Пайхамарна бели ас, Делера салам-маршалла хуьлда цунна, цунах хIоттавелла веанчу сайн устазана бели ас, Мухьаммад-Пайхамарна тIера дуьйна сайн устазана тIекхаччалц баьхкинчу эвлайаашна бели ас, Делан дин лакхадаккха, Делан динан гIазот латтийначу, гIазотехь вийначу Делан Элчанан девешина Хьамзатана бели ас, цигара дуьйна хIокху сохьтталц Делан новкъахь гIазот латтийначу имамашна бели ас, цигара дуьйна хIокху сохьтталц Делан новкъахь гIазот динчу, гIазотехь байинчу гIазотхошна бели ас.

Веза-Воккха Дела соьгара совгIат дай и мел цаьрга дIакхачабе Ахь...

**6-ГIА СУННАТ ВИРД**

АллахIу боху вирд ду. ХIора дийнахь-бусий цхьацца бIе хIора ламазана тIе декъна, йа пхи бIе цхьаьна гулдина дийр ду. Цунна хьалха ворхIазза астагIфируллахI эр ду, хIора бIе чекхдолуш АллахIу ва лиллаахIил-хьамду эр ду, дерриге а чекхдаьлча ворхIазза эр ду лаа илааха иллаллаахIу вахьдахIу лаашариика лахIу лахIул-мулку ва лахIул-хьамду йухьйии ва умиту бийадихIил-хайру ва хIува Iалаа кулли шайъин къадиирун. ТIаккха вархIазза Пайхамарна салават дуьллур ду.

**МЕЛ ИШТА КХАЙКХОР БУ:**

Айса хIинцца АллахIу бохуш динчу бIе, (йа пхи бIе) зикран мел, цуьнца динчу вукху зикран мел а, Везан Дела, Хьан Элчанна Мухаммад-Пайхамарна бели ас, цунах хIоттавелла веанчу сайн Устазана бели ас. Мухьаммад-Пайхамарна тIера дуьйна сайн устазана тIекхаччалц баьхкинчу эвлайаашна бели ас. Веза-Воккха Дела, соьгара цIена совгIат дай, и мел цаьрга дIакхачабе Ахь...

**7-ГIА СУННАТ ВИРД**

АллахI боху вирд ду. Дийнахь-бусий цхьацца бIе хIора ламазана тIаьхьа нисдина, йа пхи бIе цхьаьна метта гулдина. Хьалха ворхIазза астагIфируллахI эр ду, хIора бIе чекх моссазза дели АллахI ва лиллаахIил хьамду эр ду. Дерриге а чекхдаьлча ворхIазза лаа илаахIа иллаллаахIу вахьдахIу лаа шарика лахIу лахIул-мулку ва лахIул-хьамду йухи ва йумииту бийадихIил-хайру ва хIува Iала кулли шайин къадиир. ТIаккха ворхIазза Пайхамарна салават дуьллур ду.

**ЦУЬНАН МЕЛ ИШТТА КХАЙКХОР БУ:**

Айса хIинцца АллахI бохуш динчу бIе (йа пхи бIе) зикран мел, цуьнца динчу вукху зикран мел а Хьан Элчанна Мухьаммад-Пайхамарна бели ас, цунах хIоттавелла веанчу сайн устазана бели ас, Мухьаммад-Пайхамарна тIера дуьйна сайн устазана тIекхаччалц баьхкинчу эвлайаашна бели ас, Хизир-Пайхамарна, Iийса-Пайхамарна, Илес-Пайхамарна, Идрис-Пайхамарна бели ас. Веза-Воккха Дела, соьгара цIена совгIат дай и мел цаьрга дIакхачабе Ахь...

**8-ГIА СУННАТ ВИРД**

Дийнахь-бусий пхи эзар ла илаахIа иллаллаахIу бохуш долу зикар ду. ХIора ламазана тIаьхьа цхьацца эзар, йа пхи эзар цхьаьна гулдина дийр ду, Цунна хьалха кхузза астагIфируллахI эр ду, тIаккха кхузза салават дуьллур ду.

**ЦУЬНАН МЕЛ ИШТТА КХАЙКОР БУ:**

БисмиллаахIир-рахьмааниррахьими. Айса хIинцца ла илаахIа иллаллаахIу бохуш динчу эзар, (йа пхи эзар) зикран мел, Веза Дела, хьалха Хьан Элчанна Мухьаммад-Пайхамарна бели ас, цунах хIоттавелла веанчу сайн устазана бели ас, Мухьаммад-Пайхамарна тIера дуьйна сайн устазана тIекхаччалц баьхкинчу эвлайаашна бели ас, Делан Элчанан асхьабашна, Делан къайлах орцанан эвлайаашна бели ас, сайн устаз а волуш, дуьненчуьра эхарта бирзинчу сайн устазан муридашна бели ас. Веза-Воккха Дела, соьгара цIена совгIат дай, эшнарг метта хIоттабай, меттахIоттинарг къобалбай, цуьнах мел бай и мел цаьрга дIакхачабе Ахь. Хьайгарчу къинхетаме, Элчанерчу шапаIате, устазерчу орцане, беркате, диканe со а, соьгахула со хьаштдерг а кхачаве Ахь аьлла, фатихьат доьшур ду.

* **

**МЕСКАР-ЭВЛАРЧУ АСАЕВ ЛЕЧАС ДУЬЙЦУРА:**

– Iелас, асий хIара вирдаш цхьаьна дийнахь йаздина дац.

Шен жимма а мукъа хан майеллинехь, Iелас соьга, ша воьдчу дIа а кхойкий, коьртера дуьйна йухадоьшуьйтура – хьалха йаздинарг толлуш дара цуьнан иза. Цо схьа а олуш, ас дIайаздора вирд. Иштта йаздина ду хIара вирдаш. Сайн устазан лаам кхочушбеш, ас, лар а дина, Iелин муридашка дIакхачийра.

– Ас Iеле хьаттира, – элира Лечас, кхидIа а шен къамелехь: – Суна цхьа а эвлайаъ ца хаьа шен муридашна оццул доккха вирд тIедиллина. ХIара хIун вирд ду, маьIна хIун ду кхуьнан!

Iелас сан хаттарна иштта жоп делира:

– ХIора адамо динахь-бусий йуккъерчу барамехь 24 эзарза садоIу. ХIокху вирдан 24 эзар хьаьрк ду. ХIара вирд доккхуш волу мурид, садаIаран барамехь къинош летош велахь а, Дала гечдийр ду цунна. Далла гергахь къинойх цIанвелла хир ву иза, ша дуьненчу волучу дийнахь санна, – дийцира Iелас.

ТIаккха тIетуьйхира:

– ХIоку харцдуьненахь летийначу къинойх а, дийлинчу Дела реза воцчу хIуманех а уьш Къематан дийнахь Iазапах ларбархьама ас хIара вирд сайн муридашна тIедуьллу, – аьлла.

Вирдех долу къамел дерзош Лечас элира:

– Iелас схьа а олуш, Iаьрбийн матахь айса дIайаздина вирдаш ас теллира. Хила а хиллера оцу вирдийн, Iелас ма-аллара, 24 (ткъе диъ эзар) хьаьрк.

Iелин, Асаев Лечин къамел, Заурбеков Джунайда схьадеш, дIайаздина ду. Видеозапись авторехь йолуш йу. ХIара материал 1991-чу шеран 13-гIа номер йолчу «Исламан зIаьнарш» газет тIехь зорбатоьхна йара. Цул тIаьхьа, 2012 шарахь, № 1-2 (49-50) йолчу «Исламан зIаьнарш» журнала тIехь йуха а зорбатоьхна.

Асаев Леча-Моллин йозанаш тIера схьайаздина Жимачу АтагIарчу Джунайдан кIанта, сан вашас Заурбеков Сайд-Ахьмада (Дела реза хуьлда цунна).

*М. Заурбеков*



В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# ДЕЛАН ЭЛЧАНО ДИЙЦИНА

## *(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)*



1. Дуьне деа хIуманца лаьтташ ду шуна: Iеламнехан Iилманций, паччахьан куьйгаллиций, мискачу нехан дехарций, комаьршачу нехан сагIанций. Латтаран бахьана хIун ду аьлча, диканиг де, вон дерг ма де алар ду.

2. Iеламнахаца ийгIича, дин хир дац шуьгахь.

3. Iедалца ийгIийча, дуьне хир дац шуьгахь.

4. Нахаца ийгIича, безам хир бац шуьгахь.

5. Шайн нахаца ийгIича, сий хир дац шун.

6. Лулахочуьнца ийгIича, пайданан неIарш дIакъовлалур йу шуна.

7. Доьзалца ийгIича, беркат хир дац шуна.

8. Делах кхоьруш воцу Iеламстаг шена тIехь стом боцчу диттах тера ву.

9. Халкъана тIехь нийсо йан хIоттийна воллушехь, и нийсо ца йеш волу стаг – шеца дарба доцчу молханах тера ву.

10. Дала шена белла болчу балина собар ца деш волу миска стаг, шена чохь даьтта доцчу стогарх тера ву.

11. Эхь доцуш йолу зуда – туьха тасаза болчу кхачанах тера йу.

12. Шен бехкана дохковалар доцу жима стаг – дуьрста йоцчу говрах тера ву. Йалсаманин неIарехь йазбина кхо могIа бу:

13. Хьалхарчу могIано боху: «Ша хьарам йу аьшпаш буттуш волчу стагана, харц луьйш болчу нахана ша хьарам йу».

14. ШолгIачу могIанехь ду: «Закат дIа ца луш болчу нахана ша хьарам йу».

15. КхоалгIачу могIанехь ду: «Шен доьзало хIуъа лелийча а бен ца хеташ болчу нахана а хьарам йу ша».

16. Сий долчу нахана гIуллакх де ахь – хьайна доттагIий бийр бу ахь.

17. Сий доцчу нахана гIуллакх де ахь – хьайна мостагIий бийр бу ахь.

18. Ткъа сий долу стаг муха хир вара? Сий доцу стаг муха хир вара? – аьлла, шега хаьттича, Делан Элчано, Делера къинхетам, маршо хуьлда цунна, аьлла:

19. Нехан йукъаметтиг тойеш велахь, нахах дика дош олуш велахь, къамел оьзда деш велахь – сийлахь хиларан билгало йу шуна.

20. Нехан йукъаметтиг йохош велахь, нахах дика луьйш вацахь, къамел муьста деш велахь – сий доцуш хиларан билгало йу шуна.

# ДЕЦА ЦХЬАЬНА ШУЬНЕ ХААР

Деца цхьаьна шуьне хаар

РагIу кIеларчу кIедачу гIантахь, аьхкенан бовхачу мохехь, набаран тар туьйсуш, хиъна Iа Воккха-Дада. Даима санна, хьийзош суьлхьанаш ду цуьнан карахь. Царах бIаьрг кхетча, Кунта-Хьаьжас (Дала къайле тойойла цуьнан) аьллера бохуш, дуьйцуш хилла цхьа хабар дагадеара суна: «Даима карахь суьлхьанаш леладелаш, уьш карахь хилча, буьртиг дIакарчоза а Iнр дац шу, иза дIакарчийча, АллахIан цIе ца йоккхуш а Iийр дац шу». Иштта, нагахь суьлхьанан буьртиг а карчош, дагахь АллахIан сийлахь цIе а йоккхуш, Iаш волчу Воккха-Дадин бIаьрг серлабелира со а, соьца цхьаьна тхан лулара ши кхиазхо а керта ваьлча.

Къоначарах самукъадолуш вара иза. Царна воккха стаг а везара чIогIа. Цо дуккха а хаза, хьекъале, пайдехь хIуманаш дуьйцура царна. Цкъа а дов ца дора. «Воккха стаг дов деш товш вац. Цуьнан Iаь хаза, кIеда хила йеза», – олура цо. Ша а вара иза иштта кIеда-мерза. Цундела бераш, кхиазхой, кегийрхой цунна тегIертара. Цуьнга хаттарш дора, ийза а ца луш. Тахана соьца веана шиъ а вара цхьа хIума хаа лууш. Хьал-де хаьттинчул тIаьхьа, нохчийн гIиллакхаш дукхадезаш кхуьуш волчу Хьасана (шина кIантах воккхах волчо) хаьттира.

– Дада, деца цхьаьна хIума йаа кIант цхьаьна шуьне хаар муха ду?

– Дела реза хуьлда хьуна, Хьасан. Цунах дерг-м хьан дас-нанас дийцина а, шаьш лелочу гIиллакхашца гайтина а дера хир дара хьуна. Делахь а, соьгара цхьа керланиг хаа, хаза лууш хоьтту хир ду-кх ахь.

Вайн дайша чIогIа лардеш лелийна доьзалш шуьне ховшоран гIиллакхаш, цара дахарехь лелош долу маьIна а хууш. Масала, нанас цкъа а шен бераш деца цхьаьна шуьне ховшош ца хилла. Тхан бераллин хенахь дага а ца догIура, деца цхьаьна охьа а хиъна, цхьаьна шуьнера хIума йаа мегар ду бохург. Дена шенна хIотто беза кхача. Берана, доьзална – шенна. МаьIне хIума ду иза. Уггаре а хьалха цуьнца ларйеш йерг ден а, беран (доьзалан) а йукъаметтиг йу. Да даима а хьаша санна хила везаш ву, цуьнга боллу сий-ларам а болуш.



Нанас уьш цхьаьна шуьне ховшо болийча хIун хуьлу цунах? Воккхалла – жималла дIадолу. Бер дена хьалха кхийда доладелча, багара йаккха а гIертар ду. Иза йукъара марзо, эхь-бехк, гIиллакх дIадаккхаран йуьхь хуьлу. Ден ларам дIабоккху цо. Цхьаболчу доьзалшкахь дена хьалха кхача луш гIиллакх хилла. Цунна хьалха ца баларх хIума дац кхача, коьртаниг шенна биллар ду.

Нахана йукъахь маггане а мегар дац да а, нана а, доьзал а цхьаьна шуьне ховшар. Вайн халкъан эхь-бехкаца догIуш дац иза. Вайн гIиллакхца догIуш ма дац нахана йукъахь, ур-атталла, шен доьзалхочун цIе йаккхар а, хьастар-м хьеха а ма де. Ткъа цхьаьна шуьне ховша буьйлабелча и дерриге а хила герга ду.

Вайн дайша лелийна оьзда гIиллакх ду шуьне да а, доьзал а къаьсттина хаар. Доьзалехь ден меттиг ларйар ду иза. Ден меттиг баьрчехь йу. И чохь а волуш доьзалехь цхьаьнан а бакъо йац, баьрче ваьлла, охьахаа. Охьахаарх дерг аьлча, ден бакъо йоцуш охьахаа ца деза цхьа а бер. Иза а ду хаза гIиллакх.

Гой хьуна, Хьасан, дуккха а хIуманаш ду хIусамехь шун хIотторца доьзна. Уьш дерриге а дийцина а вер вац. Коьрт-коьртаниг ас хьахий. Бакъду, тахана уьш лардеш боцурш а хуьлу вайна йуккъахь. Халахеташ делахь а, тIаьхьтIаьхьа алсамбовлуш а бу и саннарш. Шун хIотторехь, шуьне ховшорехь тIеоьцуш керла гIиллакхаш ду, хьенан ду а, мичара ду а хууш доцу. Цо дика болх бийр бац.

Вай, хьалха хилла долу нохчийн а долуш, даха лууш делахь, цара лелийна гIиллакхаш лелон деза. Вайн ззарнаш гIиллакххех цхьа а дац дIатаса мегар долуш, шен маьIна дан йиш йолуш. Вай дуьйцуш долу шун хIотторан а, шуьне хааран а гIиллакх а ду царах.

ХIара къамел деш цхьа хIума дагадеа суна. Хьалхуо, вайна йуккъахь хилла ду иза.

Цхьа къонах волчу хьаша воьссина хилла. ХIусамнанас кхача а кечбина, хьешана хьалха хIоттийча, церан жима бер, шунна тIе а деа-на, цу чохь йолчу хIуманна текхевдина (шена Iеминарг а, могуьйтуш хилларг а дина-кх цо). Хьешо тIара тоьхна, дIачовхийна кIант. Важа шен дега а хьаьжна, мохь тоьхнна велха волавелла. ТIаккха хьешаца цхьаьна хиъна Iаш волчу хIусамдас аьлла бохуш: «Хьенех, ма вуон туьйхи ахь цунна. Вайн хIара цхьаъ бен ван а ма вацара», – аьлла. «Цхьаъ бен а ца хилча, иза мегаш а ца хилча, къа дац хьан?», – аьлла хиллера хьешо. Иза бакълуйш а хилла. Кхин цул тIаьхьа хьешана хьалха хIоттийначу шун чу-м ца кхевдина кIант. И-м стенна дуьйцура, цуьнан тIаьхьенех долу бер а-м ца кхевдина. Вайна бевзаш бу и доьзал а, церан тIаьхьенаш а.

Оьшучохь иштта а кхето мегар ду бер. Амма иза нийса ду ала ца гIерта со. Хьеше а ца кхетадойтуш, нанас ша кхето деза бер. И ду нийсаниг. Нийсаниг лелор вайна тIехь ду….

– Дада, деца цхьаьна шуьне хаа цкъа а мегаш дац цуьнан йоIана а, кIантана а? – хаьттира Хьасанца цхьаьна волчу Ахьмада.

– Ду. Дера ду. Дас ша ло шен доьзалхочунна и бакъо, иза кхиъна ваьлча, шена рицкъа а доккхуш, шен доьзал а болуш дIаволавелча. Бакъду, оцу хене ваьллачу доьзалхочо а, дас вита а ца витина, ша цуьнца цхьаьна шуьне хиъча, тоьллачех кхача шен дена хьалха татта беза. Иза хьалха тIекховддалц, цо «Бисмилла» даккхалц, йуучунна тIекховда ца веза. Цунна хьалха кхийда, цунна хьалхара кхача схьаэца мегар дац. Цунна хьалха ваьржина охьахаа ца веза. Дукха къамел дан а ца деза.

Стоьлаца йу марзо олу вай. Дений, кIантаний йуккъера марзо йац вай кузахь йуьйцург, доттагIашний, бевзабезачарний йуккъера марзо йу. Дений, кIантаний йукъахь, стоьло чIагIйан а ца оьшуш, марзо хуьлуш йу. И марзо ларйан хаа деза шуьнехь а. Бакъду, деца цхьаьна шуьне охьахиначу кIантана цкъа а ша воккха-м ца хета. Дала болчарна латтабойла дай а, наной а. Цаьрца оьзда гIиллакхаш лело кIентий а, йоIарий а латтабойла... – дерзийра Воккхачу-Дадас шега динчу хаттаршна жоьпаш луш дина къамел. Цул тIаьхьа а цхьаьца дуьйцуш Iийра тхо. Тхуна товш дерг дийца шортта цуьнан дан а ду. Цунна кIорда ца дойтуш, Воккха-Дадин Iодика йина дIадахара тхо, йуха а и волчу дахка болчу сатийсамца. Иштта хуьлу хIоразза а. ГIиллакхийн шатайпа хазна йу-кх иза, адамаш даима а шена тIеийзош.

***Дадаев Сайд-Хьасан***

# НЕНАН МОТТ

Доьзалехь бийцар а дастам а хеташ,
Хьуо винчу ненан мотт дIатесна ахь.
«Сов къен бу дешнашна, бац атта кхеташ!» —
Бохуш, и сийсазбан ца хета иэхь.
ЛадогIал цкъа соьга, «хьекъале корта»,
ЛадогIал, йаккхий дIа лергара потт:
Йист йоцу хIорд санна, бу хьуна шорта
Ша хууш волчунна вайн нохчийн мотт.
ГIиллакхе, оьзда бу доттагIче буьйцуш,
МостагIче вистхуьлуш — ду ира герз,
Хьомечу йезаре безам ахь буьйцуш,
Бека и, шех хуьлий хьан деган мерз!
Мерза бу моз санна ша безачунна
Ламанан шовданал цIена бу и.
Лермонтовс, Толстойс а ладегIна цуьнга
Услара даггара хестийна и.
БIешераш хийла дIаихна, и бекаш,
Хьацарлахь, къийсамехь кхиъна и бу,
Кхоьллинчу халкъана сов хьанал бецаш
Даима ша хилла нохчийн мотт бу.
Вайн халкъан ойланаш, дахар а гIийла
Далхадеш, къийсамна гIиттийна цо.
Нохчийн майралла, оьздалла хийла
Зевнечу иллешкахь йекийна цо!
Кхидолчу къаьмнашна шайнаш а санна,
Нохчашна шайн мотт а сов хьоме бу.
Нагахь хьо ца вагIахь хьайн халкъацанна,
Хаалахь, декъазниг - хьо цхьалха вуй!

***Арсанукаев Шайхи***

***

Гора йаI, нохчийн мотт, дош метта диллий
ДIаала вайша цхьа даггара илли,
Хьалхара ахь олуш, тIаьхьара – ас,
Дуьненна хазийта вайша хьан аз.
Лаьттана йовхо лун малх буьйцу вайша
Йа цхьана заманчохь лелийнарг дайша,
Йа Iаьржа верта тIетесна барам санна
Стиглахь йоьду Iаьржа марха йийца царна?
Йа вайшиннан мехкан каш доцчу чартийн
Йист йоцу кIайн могIарш дIагойтур дар-те?
ЦIийн Iоврех леда хьан шовданаш дийца
Йа зезаг хьахадай дог-ойла хийца?
Йа зовкхехь дийца деза деши, дети,
Йа ала мел ца лург Iадда а дитий,
Теш лаций, буьйса и беттаса тайша
ВорхIе а дуьненчу охьаделха вайша!..

***Яшуркаев Султан***

**ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!**
**36 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар.**
**Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.**
**Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики
по национальной политике, внешним связям,
печати и информации

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

**Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров**
**Основатель газеты М. Д. Заурбеков**
**Главный редактор Ф. М. Заурбекова**

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori_islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928,
Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 22.04.2026 г. 15:00. Подписано в печать: 22.04.2026 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.

16+